# केलवा के पात पर

केलवा के पात पर उगे लन सुरुजमल झांके झुके
के करेलू छठ बरतिया से झांके झुके

हम तोहसे पूछी बरतिया ए बरतिया के केकरा लागी,
के करेलू छठ बरतिया से केकरा लागी,

हमरो जे बेटवा तोहन अइसन बेटावा से उनके लागी,
से करेली छठ बरतिया से उनके लागी,

अमरूदिया के पात पर उगे लन सुरुजमल झाके झुके,
के करेलू छठ बरतिया से झाके झुके,

हम तोहसे पूछी बरतिया ए बरतिया के केकरा लागी,
के करेलू छठ बरतिया से केकरा लागी,

हमरो जे स्वामी तोहन अइसन स्वामी से उनके लागी,
से करेली छठ बरतिया के उनके लागी,

नारियर के पात पर उगे लन सुरुजमल झाके झुके,
के करेली छठ बरतिया से झांके झुके,

हम तोहसे पूछी बरतिया ए बरतिया से केकरा लागी,
के करेलू छठ बरतिया से केकरा लागी,

हमरो जे बेटी तोहन बेटिया से उनके लागी,
से करेली छठ बरतिया से उनके लागी,

https://www.bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/19161/title/kelwa-ke-paat-par

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |